


Biwo Fox Valley
4425 North Market Street- 3rd Floor
Wilmington, DE 19802
(302) 761-8200



Blue Hen Corporate Center
655 S Bay Road, Ste. 2H
Dover, DE 19901
(302) 422-1134

Georgetown American Job Center
8 Georgetown Plaza, Suite 2
Georgetown, DE 19947
(302) 856-5230

DEPATMAN TRAVAY DELAWARE
DIVIZYON ZAFÈ ENDISTRIYÈL YO

University Office Plaza
252 Chapman Road, 2nd Floor
Newark, DE 19702
(302) 761-8200

Imèl: wages@delaware.gov | Imèl: workpermits@delaware.gov | Sit Entènèt: Labor.delaware.gov

PEMAN SALÈ

PATWON KAT (4) OSWA PLIS ANPLWAYE YO GEN DEVWA POU:

- Fè anplwaye yo konnen alekri nan moman rekritman an:
 - To Reminerasyon an
 - Jou, lè ak kote peman an ap fèt
 - Politik sou avantaj an nati anplwaye a
- Fè anplwaye yo konnen alekri tout rediksyon nan to reminerasyon an, ak tout chanjman nan jou, lè oswa lye peman an oswa avantaj yo.
- Bay chak anplwaye yon deklarasyon salè ki montre:
 - Montan salè a;
 - Peryòd peman salè a kouvri;
 - Montan dediksyon (presize apa) ki te fèt sou salè yo;
 - Kantite total èdtan travay nan peryòd peman (pou anplwaye yo peye pa èdtan travay).

PEMAN SALÈ

- Yo dwe peye salè yo omwen yon fwa chak mwa.
- Yo dwe peye anplwaye yo tout salè yo nan sèt (7) jou apati fen chak peryòd peman [ak kèk eksepsyon, gade §1102(b)].
- Si jou peman an tonbe nan yon jou ki pa jou travay, peman an dwe fèt nan jou travay anvan an.
- Si yon anplwaye pa prezan nan jou peman regilye a, yo pral fè peman nan pwochen jou travay regilye anplwaye a prezan an oswa pa lapòs (sèlman si anplwaye a mande sa).
- Yo ka peye salè a sou yon kont labank yon anplwaye bay (sou demann alekri anplwaye a).
- Yo ka bay salè a pa chèk oswa lajan kach (a kondisyon ke patwon an fè aranjman ki apwopriye pou touche nan yon bank oswa yon lòt etablisman biznis ki pa lwen espas travay la).
- Chak fwa yon anplwaye kite, demisyone, revoke, sispann oswa sou atant, salè ou merite a pral peye nan pwochen jou peman ki pwograme regilyèman swa atravè mwayen peman abityèl yo oswa pa lapòs (si anplwaye a mande sa) tankou si travay la pa te kanpe oswa fini.

DEDIKSYON ILEGAL YO

Patwon yo pa gen otorizasyon pou dedwi oswa kenbe salè pou:

- Mank lajan oswa envantè;
- Lajan an avans oswa frè pou machandiz ak sèvis (sòf si gen yon akò ki siyen ki espesifye montan lajan yo dwe ak orè ranbousman an);
- Byen ki andomaje
- Pa arive remèt byen patwon an.

SALÈ MINIMUM

To Regilye:

an vigè: 06-01-15 - \$8.25/èdtan
an vigè: 01-01-19 - \$8.75/èdtan
an vigè: 10-01-19 - \$9.25/èdtan
an vigè: 01-01-22- \$10.50/èdtan

an vigè: 01-01-23 - \$11.75/èdtan
an vigè: 01-01-24 - \$13.25/èdtan
an vigè: 01-01-25- \$15.00/èdtan

ANPLWAYE KI RESEVWA TEP

Salè minimòm yon anplwaye ki resevwa tep ka touche se \$2.23 pa èdtan, an vigè 10/1/96.

Patwon an dwe kapab pwouve ke anplwaye a te resevwa balans pou tout kantite salè minimòm lan nan tep.

SALÈ MINIMUM (ak swit)

AVI: Salè minimòm lajan kach nan Delaware pou anplwaye ki jwenn tep yo pi gwo pase salè lajan kach lalwa federal egzije. Patwon yo dwe peye to Delaware ki pi elve a.

Yon patwon pa ka pran oswa kenbe tep eksepte jan lalwa egzije sa. Yo pèmèt yo rasanble tep yo (nan sèten kondisyon) nan yon kantite lajan ki pa depase 15% tep anplwaye a resevwa nan moman an.

EKSEPSYON SALÈ MINIMUM YO:

- Anplwaye nan agrikilti.
- Anplwaye nan sèvis domestik nan oswa sou kay prive.
- Anplwaye Gouvènman Etazini.
- Vandè ki touche komisyon deyò.
- Dirijan, administratè, ak pwofesyonèl bòn fwa yo.
- Anplwaye ki angaje nan lapèch ak transfòmasyon pwason nan lanmè. Travayè volontè (pou òganizasyon edikasyon, relijye oswa òganizasyon ki pa pou pwofi).
- Konseye kan jinyò k ap travay pou pwogram kan dete san pwofi yo.

KONDISYON POU KONSÈVE DOSYE YO:

- Patwon yo dwe kenbe dosye (ki gen ladan yo to reminerasyon, èdtan travay, ak montan lajan yo peye pou chak anplwaye pandan twa (3) ane.

POZ

Yo dwe ofri tout anplwaye yo yon poz manje pou omwen 30 minit swivi si anplwaye a pwograme pou travay 7 èdtan edmi (7.5) oswa plis pa jou.

Dwe apre 2 premye èdtan travay yo epi anvan 2 dènye èdtan travay yo.

Règ sa pap aplike lè:

Anplwaye a se yon anplwaye pwofesyonèl ki sètifye pa Konsèy Edikasyon Eta a epi li anplwaye pa yon konsèy lekòl lokal pou travay dirèkteman ak timoun.


Yo te pibliye règ ki bay eksepsyon lè:

- Konfòmite ta pral gen yon efè negatif sou sekirite piblik la.
- Sèlman yon (1) anplwaye ta dwe ranpli fonksyon yon pozisyon.
- Yon patwon gen mwens pase senk (5) anplwaye nan yon woulman nan yon zòn (eksepsyon an ta pral aplike sèlman pou woulman sa).
- Nati pwogresis operasyon yon patwon, tankou pwodiksyon chimik oswa eksperyans rechèch, mande pou anplwaye yo reponn a kondisyon ijans oswa etranj an tout tan epi anplwaye yo jwenn konpansasyon pou poz manje yo.

Kote yo otorize ekzanpsyon, anplwaye yo dwe gen dwa pou manje nan pòs travay yo oswa lòt kote yo otorize pou fè sa epi sèvi ak twalèt yo lè sa nesèsè nan yon manyè rezonab.



Fox Valley Offices
4425 North Market Street- 3rd Floor
Wilmington, DE 19802
(302) 761-8200



Depatman Travay Delaware Divizyon
Zafè Endistriyèl yo

Blue Hen Corporate Center
655 S Bay Road, Ste. 2H
Dover, DE 19901
(302) 422-1134

Georgetown American Job Center
8 Georgetown Plaza, Suite 2
Georgetown, DE 19947
(302) 856-5230

University Office Plaza
252 Chapman Road, 2nd Floor
Newark, DE 19702
(302) 761-8200

Imèl: wages@delaware.gov | Imèl: workpermits@delaware.gov | Sit Entènèt: Labor.delaware.gov

TRAVAY TIMOUN

Dispozisyon Jeneral yo:

- Pi piti laj pou travay se 14 zan.
- Pèmi Travay yo obligatwa pou tout minè ki gen mwens pase 18 lane ki ap travay.
- Patwon yo dwe kenbe Pèmi Travay nan dosye chak minè ki ap travay.
- Yon nouvo Pèmi Travay obligatwa lè yon minè chanje patwon.

Dispozisyon pou Endividi ki gen 14 ak 15 Lane:

MINÈ ki gen ant 14 ak 15 LANE PA DWE TRAVAY:

- Anvan 7:00 a.m. oswa apre 7:00 p.m. - eksepte soti 1ye jen jiska Jounen Travay (Labor Day) pandan lè aswè a pral pwolonje jiska 9:00 p.m.
- Plis pase kat (4) èdtan pa jou nan jou lekòl
- Plis pase uit (8) èdtan pa jou nan jou ki pa gen lekòl
- Plis pase dizwit (18) èdtan nan nenpòt semèn lè lekòl ap travay pandan senk (5) jou
- Plis pase sis (6) jou nan nenpòt semèn
- Plis pase karant (40) èdtan pa semèn; epi
- Plis pase senk (5) èdtan swivi san yon peryòd poz ki dire omwen trant (30) minit swivi.

Dispozisyon Espesifik pou Endividi 16 ak 17 Lane:

- Pa plis pase douz (12) èdtan nan yon konbinezon lè lekòl ak lè travay pa jou
- Dwe gen omwen uit (8) èdtan swivi san travay, san lekòl nan mitan chak peryòd vennkat (24) èdtan
- Pa dwe travay plis ke senk (5) èdtan swivi san yon peryòd poz ki dire omwen trant (30) minit swivi.

Pou yon lis Okipasyon ki Entèdi yo, kontakte:

Depatman Travay Delaware, Divizyon Zafè Endistriyèl, Biwo Aplikasyon
Lwa Travay nan nenpòt nan adrès ki endike yo.

Afich sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral konsènan dispozisyon Lwa Travay Timoun Delaware yo. Egzijans lwa eta a pa afekte obligasyon yon patwon pou li respekte dispozisyon lwa federal yo.

Li pa legal pou fè vanjans kont yon anplwaye paske li te fè yon plent oswa li te bay Depatman Travay enfòmasyon sou yon posib vyolasyon lalwa travay.

La lwa oblije patwon yo pou montre afich ofisyèl sa a nan yon kote anplwaye ka wè epi kote yo pase toutan.

Vyolasyon Lwa Travay Delaware yo kapab lakòz amann jiska \$20,000 pou chak vyolasyon.

VÒLÈ SALÈ

Yon patwon pa dwe fè okenn nan sa yo:

- Anboche yon moun san ou pa rapòte sa bay tout ajans gouvènman ki konsène ak peye tout taks ak frè aplikab yo pou moun nan.
- Pa rive byen fè prelevman taks eta ak federal sou yon anplwaye.
- Pa rive voye prelevman lajan ki te fèt sou salè anplwaye a bay ajans leta oswa federal ki konsène, 7 jou apre peryòd pèman aplikab la.
- Yon patwon pa dwe fè okenn nan sa yo:
- Peye yon anplwaye yon salè ki pi ba ke salè minimòm ki etabli dapre lwa eta ak federal la pou travay yo te fè.
- Kategorize enjisteman yon travayè avèk yon tit antreprenè endepandan nan objektif pou evite obligasyon fiskal, salaryal, ak konpansasyon aksidan travay yo.
- Fè konplo pou fasilite, bay oswa asiste, ak tout volonte, yon vyolasyon nan seksyon sa a.

SANKSYON YO

- Apre yon ankèt kote Depatman an reyalize gen yon patwon ki te vyole youn oswa plizyè dispozisyon sou-seksyon (a) nan seksyon sa a, Depatman an ka deside bay yon sanksyon sivil.
- Yon patwon ki vyole seksyon sa ka sibi yon sanksyon sivil ki pa pi ba pase \$2,000 epi ki pa plis pase \$20,000 pou chak vyolasyon.
- Chak ka vyolasyon sou-seksyon (a) nan seksyon sa a pou chak anplwaye, se yon vyolasyon apa.
- Depatman an gendwa voye ka yo bay Depatman Jistis la pou pouwit kriminel dapre atik § 841D Tit 11

REVANJ

Yon patwon ka sibi yon sanksyon sivil ki pa pi ba pase \$20,000 epi ki pa plis pase \$50,000 pou chak vyolasyon si patwon an revoke oswa nan nenpòt fason, fè vanjans oswa diskriminasyon kont yon moun paske moun sa a fè youn nan bagay sa yo ki anndan seksyon sa a:

- a. Te pote plent oswa te bay Depatman an enfòmasyon.
- b. Te lakòz oswa pral lakòz yon ankèt fèt.
- c. Temwanyen oswa pral temwanyen nan yon odyans.

